



Pou Piblikasyon Imedya: 27/08/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL LANSE KANPAY "GET THERE GREEN!" (RIVE LA DEFASON
EKOLOJIK" POU ANKOURAJE TRANSPÒ PWÒP E PI EKOLOJIK**

***Kanpay Semèn Klima 2021 an Mande Nouyòkè yo pou yo Itilize Mwayen Transpò
ki Pi Dirab***

Li Enkli Angajman, Postè, Medya Sosyal

***Li Soutni Objektif Anbisye Klimatik New York yo pou Atenn 40 Pousan Rediksyon
nan Emisyon Gaz Efè Sè dis 2030, ak 85 Pousan Rediksyon dis 2050***

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul lanse kanpay "Get There Green!" nan kad patisipasyon Eta New York la nan Semèn Klima 2021 an k ap fèt 20 septanm rive 26 septanm. Efò a pral redwi emisyon gaz efè sè yo gras ak ankourajman Nouyòkè yo ap jwenn pou itilize yon fòm transpò ki dirab pou omwen yon depasman pandan Semèn Klima a. Fòm transpò dirab yo enkli mache, monte bisiklèt, itilizasyon transpò an komen, [kovwatiraj](#), kondui yon machin elektrik, oswa itilize nenpòt ki fòm transpò ki pa kondui pou kont ou nan yon machin ki konsome konbistib fosil. Kanpay Get There Green! lan soutni objektif anbisye klimatik New York yo pou atenn 40 pousan rediksyon nan emisyon gaz efè sè dis 2030, ak 85 Pousan Rediksyon dis 2050, konpare ak nivo 1990 yo.

"New York ap pran mezi ki nan premye plan nan nivo nasyonal pou fè fas ak menas chanjman klimatik la atravè Lwa sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè a (Climate Leadership and Community Protection Act). Pou nou atenn objektif anbisye ke eta nou an genyen yo nou dwe redui emisyon nan sektè transpò a," **dapre sa Gouvènè Hochul deklare.** "Lansman kanpay Get There Green! lan pandan Semèn Klima 2021 an se yon bon mwayen pou ede Nouyòkè atravè tout eta a konprann kisa yon ka fè pou sipòte objektif sa yo e redui pwòp anprent kabonik pa yo. Soti nan kovwatiraj nan Rejyon Kapital la, pran metwo nan vil la, rive nan monte bisiklèt ou nan Binghamton, chak moun gen opòtinite pou rive la defason ekolijik pou ede goumen kont chanjman klimatik la."

Ajans ak otorite leta k ap dirije kanpay ak efò sansibilizasyon Get There Green! yo enkli koprezidan GreenNY Council—Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal Eta a (State Department of Environmental Conservation), Otorite Devlopman ak Rechèch Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority), Biwo pou

Sèvis Jeneral yo (Office of General Services), ak Otorite Enèji New York (New York Power Authority).

Pou patisipe, Nouyòkè yo ka [klike la a pou angaje yo nan trajè ke yo pral fè a ak transpò dirab la pandan evènman an](#), epi kenbe angajman yo a pandan Semèn Klima a. Nou ankouraje patisipan yo tou pou yo mete zanmi yo ak vwazen yo okouran de depasman ekolojik yo lè yo poste eksperyans yo fè yo sou medya sosyal ak hashtag #GTG21. Nouyòkè yo ka jwenn plis resous sou kijan pou yo itilize plis fòm transpò dirab lè yo vizite [paj entènèt Get There Green! nan](#).

Eta New York la lanse GreenNY Council la pou li sèvi kòm resous prensipal pou sipòte rediksyon emisyon gaz efè sè ajans yo ak otorite yo. Koprezidan yo travay ansanm pou eksplwate resous yo, kreye konsèy oryantasyon e rann li pi fasil pou ajans yo atenn objektif kilmatik anbisye e dirab Eta a genyen yo. Pou sipòte efò a epi ankouraje Nouyòkè yo pou yo pran angajman Get There Green! nan, ajans ak otorite Eta yo ap mennen yon sansibilizasyon piblik, ki enkli yon afich ak medya sosyal nan preparasyon Semèn Klima 2021 an. Nou ankouraje patnè ki enterese pou fè pwomosyon evènman an bò kote moun ki konsène yo pou yo kontakte [GreenNY Council](#) la pou yo resevwa yon kit zouti pwomosyonèl.

Komisè DEC ak Koprezidan Climate Action Council la, Basil Seggos, te deklare, "Gras ak investisman san rete Eta a nan mòd transpò pi pwòp e pi ekolojik, Nouyòkè yo gen plis mwayen ke jamè pou yo ale soti nan A rive nan Z yon fason pi dirab. Alòske n ap prepare nou pou Semèn Klima 2021 an, pa gen pi bon moman pou dekouvri nouvo mwayen ak mwayen ki amizan pou deplase epi redui anprent kabòn nou. 'Get There Green!' soutni efò kontinyèl Eta a pou fè pwomosyon mwayen transpò pi dirab, menm jan ak efò kontinyèl DEC a pou ankouraje Nouyòkè yo soti."

Prezidan ak Direktè Jeneral NYSEERDA a ak Koprezidan Climate Action Council la, Doreen M. Harris, te deklare, "Alòske n ap fè tranzisyon pou nou alimante mond nou an ak enèji pwòp e renouvlab, tout Nouyòkè yo kapab endividyèlman jwe wòl pa yo nan goumen kont chanjman kilmatik la lè yo fè chwa pou mwayen transpò ki pi dirab yo pandan Semèn Klima a. Nou ankouraje chak moun pou yo fè chwa depasman ki gen fèb emisyon oswa ki pa gen okenn emisyon, e "Rive La Defason Ekolojik! (Get there Green!)" semèn sa a ak pandan tout ane a, swa pandan y ap pedale, swa nan pran transpò piblik oswa nan achte yon machin elektrik."

Komisè OGS la, RoAnn Destito, te deklare, "Lè nou ankouraje pratik depasman ekolojik yo pandan Semèn Klima a, ajans ak otorite eta yo ap ede kontribye nan reyalyasyon objektif global Eta New York yo nan koze dirabilite. Kanpay 'Get There Green!' nan se yon mwayen ki trè bon pou ogmante sansibilizasyon moun yo konsènan emisyon gaz a efè sè yo ak mwayen pou tout Nouyòkè yo redwi emisyon sa yo pandan tout ane a. La a nan OGS, nou ankouraje anplwaye leta yo pou yo pwofite de espas pou mete bisiklèt ki nan etablisman nou yo ak estasyon pou rechaje machin yo ki disponib nan sant vil Albany ak Harriman Campus lan."

Prezidan ak Direktè Jeneral, Otorite Enèji New York (New York Power Authority), Gil C. Quiniones, te deklare, "Eta New York la pran yon angajman konsiderab pou ogmante vyabilite transpò elektrik la. Semèn Klima a se yon bon moman pou selebre opsyon zewo emisyon pou lavi kotidyen, depasman regilye ak vwayaj. Pwogram NYPA yo—ki enkli rezo solid rechaj rapid EVolve NY ak elektrifikasyon bis transpò piblik yo—rann li pi fasil ke jamè pou Rive La Defason Ekolojik (Get There Green)."

Direktè Jeneral Pwovizwa ak PDJ MTA a, Janno Lieber, te deklare, "Lè w pran MTA pou fè yon depasman, ou evite plis pase 10 liv gaz a efe sè antre nan atmosfè a konpare ak lè w ap kondui, an mwayèn, epi n ap elektrifye flòt bis nou yo e redwi anprent kabòn nou pou nou ogmante chif sa a plis toujou. Eta New York la, tradisyonèlman, genyen to emisyon gaz a efè sè pa pèsòn ki pi ba nan nasyon an—an gran pati gras ak milyon moun ki pran MTA chak jou pou fè depasman yo. Itilize transpò piblik se youn nan fason nenpòt ki moun ka kontribye nan konba kont chanjman klimatik la."

Transpò a aktyèlman konte pou 36 pousan nan emisyon gaz a efè sè nan Eta New York la, plis pase sa elektrisite, dechè, likid frigoriyèn ak agrikilti jenere konbine ansanm. Pou ankouraje Nouyòkè yo itilize mòd transpò dirab yo pandan tout ane a, Eta a envesti nan transpò dirab, ki enkli enfrastrikti pou mache ak monte bisiklèt ak pis Empire State la soti nan Albany rive nan Buffalo ak soti nan Vil New York la rive nan fwontyè Kanadyen an.

Anplisde sa, atravè Inisyativ Revitalizasyon Sant Vil la, Eta New York la sipòte transfòmasyon zòn sant vil la pou rann li pi fasil pou moun yo mache oswa monte bisiklèt. Eta a te envesti tou nan sekirite pyeton yo atravè Plan Daksyon pou Sekirite Pyeton Eta New York (New York State Pedestrian Safety Action) nan, yon inisyativ k ap dire senk lane pou 110 milyon dola ke yo te lanse an 2016 pou rann wout yo pi sekirite pou pyeton yo. Lòt pwogram ak inisyativ yo te kreye pou atenn objektif Charge NY la ki se 10,000 estasyon pou rechaje machin elektrik disi fen 2021 ak 850,000 machin a zewo emisyon disi 2025 deja ankou tou. NYPA ap devlope yon rezo rechaj [EVolve NY](#) nan tout eta a nèt sou tout longè koulwa prensipal yo nan zòn iben yo pou rann rechaj rapid la pi aksesib e pi pratik epi ankouraje vwayajè yo kondui Machin Elektrik (EV yo). Selon pwogram Rabè pou Kondui yon Fason Ekolojik (Drive Clean Rebate) NYSERDA a, yo akòde plis pase 35 milyon dola nan rabè ki asosye ak acha plis pase 25,000 machin elektrik nan mwa Jen ane sa a.

Anplisde koprezidan Green NY Council DEC yo, NYSERDA, NYPA, ak OGS, ajans ak otorite k ap patisipe yo enkli Biwo Eta a pou Vyeyisman (State Office for the Aging), Depatman Agrikilti ak Mache yo (Department of Agriculture and Markets), Ajans Pak Adirondack (Adirondack Park Agency), Konsèy sou Lèza (Council on the Arts), Otorite Establi Finansyè nan Buffalo (Buffalo Financial Stability Authority), Konsèy Elektoral (Board of Elections), Otorite Minisipal Battery Park (Battery Park City Authority), Otorite Transpò Distri Kapital (Capital District Transportation Authority), Otorite Transpò Rejyonal New York Santral (Central New York Regional Transportation Authority), Depatman Sèvis Sivil (Department of Civil Service), Komisyon Miks pou Planifikasyon ak Politik nan Central Pines Barrens (Central Pines Barrens Joint Planning & Policy

Commission), City University of New York, Otorite Devlopman Peyi Nò (Development Authority of the North Country), Otorite Dòtwa New York (Dormitory Authority of New York), Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl (Division of Criminal Justice Services), Depatman Sèvis Finansyè (Department of Financial Services), Divizyon Dwa Moun (Division of Human Rights), Divizyon Sekirite Teritoryal ak Sèvis Dijans (Division of Homeland Security and Emergency Services), Depatman Sikilasyon (Department of Motor Vehicles), Divizyon Bidjè (Division of Budget), Depatman Koreksyon ak Sipèvizyon Kominotè (Department of Corrections and Community Supervision), Depatman Sante (Department of Health), Depatman Deta (Department of State), Depatman Transpò (Department of Transportation), Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service), Otorite Estabilite Fiskal Konte Erie (Erie County Fiscal Stability Authority), Sant Medikal Konte Erie (Erie County Medical Center), Kòporasyon Etablisman Anviwònmanal (Environmental Facilities Corporation), Empire State Development, Konsèy Kontwòl Finansye (Financial Control Board), Komisyon sou Jwèt Aza (Gaming Commission), Biwo Gouvènè a pou Relasyon Anplwaye (Governor's Office of Employee Relations), Biwo pou Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal), Kòporasyon pou Sèvis Edikasyon Siperyè (Higher Education Services Corporation), Distri Règlemantè Hudson River-Black River (Hudson River-Black River Regulating District), Koridò Vè Hudson River Valley (Hudson River Valley Greenway), Biwo Enspektè Jeneral (Office of Inspector General), Sèvis Teknoloji Enfòmatrik (Information Technology Services), Sant Lajistis (Justice Center), Komisyon Miks sou Etik Piblik (Joint Commission on Public Ethics), Depatman Travay (Department of Labor), Otorite Enèji Long Island (Long Island Power Authority), Divizyon Afè Militè ak Naval (Division of Military and Naval Affairs), Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority), Otorite Transpò Fwontyè Niagara (Niagara Frontier Transportation Authority), Otorite Finans Enterimè Konte Nassau (Nassau County Interim Finance Authority), Jacob K. Javits Center - New York Convention Center Operating Corporation, Otorite Pon Eta New York (NYS Bridge Authority), Fon Asirans Eta New York (NYS Insurance Fund), Biwo Sèvis Alkolis ak Abi Sibstans (Office of Alcoholism and Substance Abuse Services), Biwo Sèvis Timoun ak Fanmi (Office of Child and Family Services), Otorite Pòtyè ak Pon Ogdensburg (Ogdensburg Bridge and Port Authority), Biwo pou Sante Mantal (Office of Mental Health), Biwo pou Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation), Biwo pou Moun ki gen Andikap nan Devlopman (Office for People with Developmental Disabilities), Otorite Devlopman Rejyonal Olenpik (Olympic Regional Development Authority), Biwo pou Asistans Tanporè ak pou Moun ki gen Andikap (Office of Temporary and Disability Assistance), Konsèy Relasyon pou Anplwa Piblik (Public Employment Relations Board), Otorite Port of Oswego (Port of Oswego Authority), Kòporasyon Eksplwatasyon Roosevelt Island pou Eta New York (Roosevelt Island Operating Corporation of the State of New York), Sèvis Transpò Rejyonal (Regional Transport Service), Sistèm Transpò Rejyonal pou Zòn Metwopolitèn Rochester (Regional Transportation System for the Greater Rochester Area), Otorite Likè Eta a (State Liquor Authority), State University of New York, Depatman Taks ak Finans (Department of Tax and Finance), Otorite Thruway (Thruway Authority), Polis Eta New York (NYS Police), Kòporasyon Devlopman Nasyon Zini (United Nations Development Corporation), Divizyon Afè Veteran (Division of Veterans Affairs), Konsèy pou

Dedomajman Travayè (Workers Compensation Board), ak Kòporasyon Sante Konte Westchester (Westchester County Health Corporation).

Ajanda nasyonal sou klima Eta New York la se inisyativ sou klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, ki mande yon tranzisyon òdone epi ki jis nan enèji pwòp ki kreye travay epi ki kontinye ankouraje yon ekonomi ekolojik pandan Eta New York ap retabli anba pandemi COVID-19 la. Enskri nan lwa atravè Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a, New York sou yon chemen pou reyalize objektif mandate li a nan yon sektè elektrisite zewo emisyon rive 2040, ki gen ladan 70 pousan jenerasyon enèji renouvlab rive 2030, ak pou atenn netralite kabòn nan tout ekonomi an. Li chita sou investisman san presedan ke Eta New York la te reyalize pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 21 milya dola nan 91 pwojè enèji renouvlab ki fèt sou gran echèl nan Eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 1.8 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 1.2 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Mete ansanm, investisman sa yo pèmèt kenbe plis pase 150,000 travay nan sektè enèji pwòp la nan New York an 2019, yon kwasans 2,100 pousan nan sektè enèji solè a ki distribiye depi 2011 ak yon angajman pou devlope 9,000 megawat enèji ewolyèn sou lanmè a disi 2035. New York pral apiye sou pwogrè sa a epi diminye emisyon gaz a efè sè yo pou 85 pousan pa rapò ak nivo 1990 yo lè nou rive nan 2050 pandan y ap asire ke omwen 35 pousan avèk yon objektif 40 pousan nan avantaj ki genyen nan investisman nan enèji pwòp pou benefisye kominote defavorize yo epi fè pwogrè avanse nan direksyon sib efikasite enèji eta a pou lane 2025 la pou diminye konsomasyon enèji sou sit la pou 185 trilyon BTU (inite tèmik britanik) nan ekonomi enèji itilizasyon final.

Nouyòkè yo ka [jwenn plis enfòmasyon sou enpak chanjman klimatik yo](#), ak lòt fason yo ka ede nan diminye emisyon yo sou sit entènèt DEC a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)